# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-апрельдеги "Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 13-апрельдеги ПП-6207-санлы "Капитал базарын және де раўажландырыў ис-иләжлары туўрысында"ғы Пәрманының орынланыўы ҳаққында"ғы 120-санлы буйрығы ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Капитал базарын және де раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында"ғы 2021-жыл 13-апрельдеги ПП-6207-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде буйыраман:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-апрельдеги "Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 13-апрельдеги ПП-6207-санлы "Капитал базарын және де раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында"ғы Пәрманының орынланыўы ҳаққында"ғы 120-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Усы Пәрман менен:

улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ушын "Қаржы саўатлылығы" оқыў курсы пән сыпатында киритилгенлиги;

"Қаржы саўатлылығы" олимпиадаларын шөлкемлестириў арқалы оқыў курсының нәтийжелилиги баҳаланатуғынлығы;

Пән олимпиадалары бойынша қәбилетли оқыўшылар менен ислесиў департаменти тәрепинен улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арасында "Қаржы саўатлылығы" олимпиадасы шөлкемлестирилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республикалық оқыў методика орайы (Қ.Жубанов)на:

улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламасы шеңберинде "Қаржы саўатлылығы" оқыў курсын пән сыпатында қарақалпақ тилине аўдарыў иләжларын көриў;

усы пән шеңберинде қаржыларды туўры басқарыў, унамлы қаржылық қарарлар қабыл етиў, атап айтқанда, қаржылық инструментлер бойынша оқытыў методологиясын ислеп шығыўға усыныслар киритиў тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаўлиевқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 23 - Апрель
109 -санлы